

PENILAIAN HARIAN
BAHASA JAWA KELAS 5 KD 3.2

I. Wenehana tandha ping (X) ing aksara a, b, c utawa d ing wangsulan sing paling bener!

Dumadine Kutha Kaliwungu

Jeneng Kutha Kaliwungu iku miturut cerita turun temurun saka getihe Sunan Katong lan Pangeran Pakuwojo kang blaber ana ing kali lan banyu kali mau wernane malih wungu. Sunan katong iku petinggi kerajaan saka negeri cina kang teka ana ing tlatah kaliwungu arep nyebarake agama islam, dene Pangeran Pakuwojo iku uga mantan petinggi Kadipaten bawah kerajaan majapahit kanggo tlatah Kendal/Kaliwungu ing wektu kuwi.

Ing sawijining dina antarane Sunan Katong lan Pangeran Pakuwojo ana kesalahpahaman. Pangeran Pakuwojo nesu marang anak wadone kang ora gelem miturut. Banjur anake Pangeran Pakuwojo mau lunga saka omah lan njaluk perlindungan karo Sunan Katong. Miturut Pangeran Pakuwojo Manawa wis wani mlindungi anake berarti nantang deweke. Senjata kerise Pangeran Pakuwojo wis lolos saka rangkane lan langsung ditancepake ana ing awake Sunan Katong. Sunan katong iku sejatine gurune Pangeran Pakuwojo, berarti Pangeran Pakuwojo mateni gurune dewe.

Sakwise sadar lan deleng Manawa kang dipateni iku ora liyo yo gurune dewe, sak nalika awake Pangeran Pakuwojo awake lemes. Pangeran Pakuwojo nyuwun pangapura marang gurune banjur sujud ana ing samparane Sunan Katong. Kanthi sisa tenaga kang isih Sunan Katong lan Pangeran Pakuwojo mati sampyuh. Sanajan Pangeran Pakuwojo iku muride Sunan Katong ananging Pangeran Pakuwojo iku wis nalingsir saka bebener amarga deweke wis melu lan nyinau ilmu hitam. Dadi rong pawongan kang beda aliran iku mati bareng yaiku aliran putih lan aliran hitam.

1. Cita mau kalebu....
 - a. Sage
 - b. Legenda
 - c. Mitos
 - d. Fabel
2. Cita rakyat sing asale saka Jawa Barat, yaiku ...
 - a. Sangkuriang
 - b. Jaka Tingkir
 - c. Jaka Tarub
 - d. Jaka Kendhil
3. Cito kang isine ngandharake kepercayaan jaman kuno, kang ana gegayutane karo dewa-dewi diarani...
 - a. Sage
 - b. Legenda
 - c. Mitos
 - d. Fabel
4. Cita kang ana gegayutane karo kepahlawanan salah sawijine paraga/tokoh kang dianggep apik lan patut ditiru dening masyarakat diarani...
 - a. Sage
 - b. Legenda
 - c. Mitos
 - d. Fabel
5. Cita rakyat iku duwe ciri anonim, tegese...
 - a. gawe seneng sing maca utawa mirengake
 - b. gawe susah sing maca utawa mirengake
 - c. ora ono jeneng pengarangane
 - d. ono alur critane

6. Crito ing ngisor iki kalebu fabel yaiku... .
 - a. Candi Prambanan
 - b. Jaka Tarub
 - c. Timun emas
 - d. Singa lan Tikus
7. Paraga ing crita sing nduweni sifat becik yaiku... .
 - a. protagonist
 - b. antagonis
 - c. tritagonis
 - d. figuran
8. Papan utawa wektu dumadine kedadeyan ing sajroning crita diarani... .
 - a. tema
 - b. latar
 - c. alur
 - d. amanat
9. Paraga crita Dumadine Kutha Kaliwungu yaiku... .
 - a. Pangeran Pakuwojo lan Pangeran Diponegoro Katong
 - b. Pangeran Pakuwojo lan Pangeran Antasari Kalijaga
 - c. Pangeran Pakuwojo lan Sunan
 - d. Pangeran Pakuwojo lan Sunan
10. “Pangeran Pakuwojo nesu amarga anak wadone ora gelem **miturut**”.
Tembung kang kacethak kandel tegese... .
 - a. manut marang dawuh
 - b. nglawan marang dawuh
 - c. mlaku pinggir dalan
 - d. mandeg ing pinggir dalan

II. Isenana ceceg-ceceg ing ngisor iki kanthi wangsulan kang trep!

11. Crita Kancil Nyolong Timun kalebu jinise cerita
12. Paraga ing crita kang nduweni watak ora becik diarani... .
13. Ajaran moral utawa pesen kang bakal dikandhakake dening pengarang marang sing maca/sing ngrungoake arane... .
14. Ide pokok atau masalah utama kang ndasari lakuning crito arane... .
15. Papan lan wektu crita kadadeyan diarani... .
16. Anake Pangeran Pakuwojo njaluk perlindungan marang... .
17. Jeneng Kutha Kaliwungu iku miturut cerita turun temurun saka **getihe** Sunan Katong lan Pangeran Pakuwojo kang blaber ana ing kali lan banyu kali mau wernane malih wungu.
Basa kramane tembung kang kacetak kandhel yaiku... .
18. Senjata kerise Pangeran Pakuwojo wis lolos saka **rangkane** lan langsung ditancepake ana ing awake Sunan Katong.
Tembung rangka tegese... .
19. Sakwise ngerti yen sing dipateni iku gurune dewe, Pangeran Pakuwojo awake dadi... .
20. Getihe Sunan Katong sing kecampur getihe Pangeran Pakuwojo warnane dadi opo... .